

Konsènan Excelsior Pass Plus

Kisa Excelsior Pass Plus la ye?

Excelsior Pass Plus se yon kopi sekirize ak nimerik pou dosye vaksinyon kont COVID-19 ou a oswa pou rezilta negatif pou tès COVID-19 ou.

Excelsior Pass Plus ou a bay aksè sekirize ak enfòmasyon vaksinyon kont COVID-19 ou oswa ak rezilta negatif pou tès ou yo. Enfòmasyon sante yo ajoute yo pèmèt ou genyen sou lamèn yon dosye verifyab pou vaksinyon kont COVID-19 oswa pou rezilta negatif pou tès COVID-19 ou yo. Li enkli menm enfòmasyon ou ta ka jwenn sou Kat Vaksinyon CDC w la (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) oswa sou rezilta sou papye pou tès laboratwa yo pou kenbe nan dosye ou ak/oswa pou itilize andeyò Eta New York.

Ou ka aksede ak sovgade Excelsior Pass Plus sou aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la, oswa sou [Pòtay Entènèt Excelsior Pass](#) la epi ou ka enprime l. Ou ka telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la gratis nan [Apple App Store](#) ak [nan Google Play Store](#).

Excelsior Pass Plus disponib nan plis pase 10 lang, ki gen ladan: Anglè, Panyòl, Chinwa (tradisyonèl ak senplifye), Ris, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Bengali, Arab, Italyen, Polonè ak Yidish.

Èske gen diferan tip Excelsior Pass Plus?

Menm jan ak Excelsior Pass, aktyèlman gen twa kalite Excelsior Pass Plus:

- Excelsior Vaccination Pass Plus (disponib 15 jou apre yo te administre dòz final vaksen an; menm jan ak yon kopi nimerik kat vaksinyon yon moun, pa gen dat ekspirasyon)
 - Apati 8 novanm, tout Excelsior Vaccination Pass Plus yo moun ki te resevwa yon dòz rapèl oswa yon dòz adisyonèl nan vaksen kont COVID-19 yo ap gen enfòmasyon sa a ki enkli nan Excelsior Vaccination Pass Plus yo a disponib 3 – 4 jou ki vini apre yon dòz endividyèl, pa gen dat ekspirasyon
- Excelsior PCR Pass Plus (li valid jiska minwi nan twazyèm jou apre ou fin fè yon tès)
- Excelsior Antigen Pass Plus (li valid pou 6 èdtan apati moman ou fè yon tès)

Apati 8 novanm, Nouyòkè ki te resevwa yon dòz rapèl oswa yon dòz adisyonèl nan vaksen kont COVID-19 yo ka rekipere Excelsior Vaccination Pass Plus yo —ki antanke yon kopi sekirize dosye vaksinyon yon moun—gen ladan l tout dòz vaksen kont COVID-19 li te resevwa jiska dat jodiya. Si ou te deja rekipere Excelsior Vaccination Pass Plus ou a avan yo te fè mizajou sa a, annik vizite epass.ny.gov pou rekipere yon nouvo Excelsior Vaccination Pass Plus a nenpòt ki moman.

Rekiperasyon yon Excelsior Pass Plus

Kijan pou m fè konnen si mwen elijib pou m rekipere yon Excelsior Vaccination Pass *Plus*?

Ou elijib pou rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a si:

- Sa fè 15 jou oswa plis depi ou te resevwa dòz final nan seri vaksen w yo, ou pat teste pozitif pou COVID-19 nan 10 dènye jou ki sot pase yo, e:
 - Ou te pran tout dòz vaksen w yo nan Eta New York OSWA
 - Ou se yon rezidan New York ki te pran tout dòz vaksen yo nan eta New Jersey oswa Vermont, OSWA
 - Ou se yon rezidan New York e pwofesyonèl swen sante w ki nan Eta New York la te antre enfòmasyon vaksinasyon kont COVID-19 ou yo ki fèt andeyò eta a nan bazdone vaksinasyon sekirize Eta New York ak/oswa Vil New York yo.

Tanpri sonje ou dwe te pran youn nan vaksen kont COVID-19 ke Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) otorize Ozetazini pou w kapab rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a. Nan moman sa la a, sa enkli vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 la, ki te jwenn apwobasyon konplè FDA, ak vaksen Moderna ak Janssen/Johnson & Johnson (J&J) kont COVID-19 yo, ke yo te otorize pou itilizasyon dijans. Apre mizajou 8 novanm lan, Nouyòkè yo ka atann yo aske dòz rapèl oswa dòz adisyonèl yo a disponib nan 3 – 4 jou ki vini apre yo lè yo te resevwa dòz rapèl oswa dòz adisyonèl yo a.

Si mwen te vaksinen andeyò Eta New York men mwen satisfè egzijans elijibilite pou yon Excelsior Vaccination Pass *Plus*, kijan pou mwen rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* mwen an?

Pou rezidan Eta New York ki te pran tout dòz vaksen yo andeyò Eta New York, New Jersey oswa Vermont, pwofesyonèl swen sante w ki nan New York la dwe antre enfòmasyon vaksinasyon w yo nan bazdone vaksinasyon sekirize Eta New York ak/oswa Vil New York yo epi se pwofesyonèl swen sante sa a ki dwe ap administre vaksen kont COVID-19 la. Tanpri sonje lè w eseye rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a nan Pòtay Entènèt Excelsior Pass la, w ap bezwen rantrè konte kote pwofesyonèl swen sante w ki nan New York la te rantrè enfòmasyon an lokalize a, PA konte kote ou te resevwa vaksen kont COVID-19 ou a.

Kijan pou m fè konnen si mwen elijib pou mwen rekipere yon Excelsior PCR Pass *Plus*?

Ou elijib pou rekipere yon Excelsior PCR Pass *Plus* si w te fè tès PCR ou a nan Eta New York, si yo te administre l nan lespas 3 jou apre ou t ap eseye rekipere Excelsior PCR Pass *Plus*, ou a epi si rezilta w yo negatif. Anjeneral, yon Excelsior PCR Pass *Plus* disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta negatif pou tès ou nan laboratwa kote ou te fè tès la.

Kijan pou m fè konnen si mwen elijib pou mwen rekipere yon Excelsior Antigen Pass *Plus*?

Ou elijib pou rekipere yon Excelsior Antigen Pass *Plus* si w te fè tès antijèn ou a nan Eta New York, si yo te administre l nan lespas 6 èdtan apre ou t ap eseye rekipere Excelsior Antigen Pass *Plus*, ou a epi si rezilta w yo negatif. Anjeneral, yon Excelsior Antigen Pass *Plus* disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta negatif pou tès ou yo nan laboratwa kote ou te fè tès la.

Mwen gen timoun ki gen mwens ke laj 18 lane. Èske yo bezwen yon Excelsior Pass *Plus*? Kijan yo ka jwenn yon Excelsior Pass *Plus*?

Nenpòt moun ki te resevwa yon vaksen kont COVID-19 oswa ki gen rezilta negatif pou tès COVID-19 nan Eta New York elijib pou li gen yon Excelsior Pass *Plus*, sa enkli timoun ki gen mwens ke laj 18 lane. Paran ak responsab legal yo ka rekipere ak sovgade Pass yo nan non pitit yo oswa nan non minè ki sou titèl legal yo.

Ki enfòmasyon mwen bezwen founi pou mwen rekipere Excelsior Pass *Plus* mwen an?

Pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a, w ap bezwen bay enfòmasyon pèsònèl debaz ou yo, ki gen ladan prenon w ak siyati w, dat nesans ak Kòd Postal ou epi nimewo telefòn ou. Ou dwe verifye enfòmasyon w tou lè w reponn twa "kesyon pou verifikasyon" kote se sèl oumenm ki konn repons yo. Excelsior Pass *Plus* egzijje tou yon nimewo telefòn oswa yon imèl valid pou otantifikasyon a de-faktè, sa ki pral pèmèt nou koresponn enfòmasyon sa a ak dosye medikal ou.

Kijan yo jenere Excelsior Pass *Plus* mwen an?

Yo jenere Excelsior Pass *Plus* ou a apati done administratè ki vaksinen w lan oswa laboratwa ki teste w la te founi nan bazdone sekirize pou vaksinasyon ak tès COVID-19 nan Eta New York ak/oswa Vil New York yo.

Gen kèk antite ki pa soumèt anba otorite règlemantè nan Eta New York (paregzanp, antite federal yo, premye nasyon ak jiridiksyon ki andeyò Eta New York yo) gendwa pa rapòte nan sistèm sa yo, sa ki ka lakoz yon Excelsior Pass *Plus* pa disponib nan moman sa a.

Kisa mwen dwe fè si mwen pa kapab rekipere yon Excelsior Pass *Plus*?

Toudabò, asire w ke w konfime ke w elijib pou rekipere yon Excelsior Pass *Plus*. Si malgresa ou gen difikilte apre w fin konfime elijibilite w, tanpri asire w ke enfòmasyon w ap antre yo koresponn ak enfòmasyon (paregzanp, non, dat nesans ak Kòd Postal) ki sou Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) ou a oswa ak enfòmasyon ki nan rezilta tès ou yo, paske l ap nesèsè pou w asire w gen yon korespondans egzak pou w rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Ou pral bezwen pou nimewo telefòn ou oswa adrès imèl ou koresponn ak enfòmasyon ki asosye ak dosye vaksen w lan oswa ak rezilta negatif pou tès ou yo.

Mwen pa ka rekipere Excelsior Pass *Plus* mwen an jouk kounye a, kisa m ta dwe fè?

Si malgres a ou pa ka rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a, tanpri soumèt yon [demann pou egzamen dosye](#), epi ekip nou an pral ba w etap ki nesèsè pou swiv pou w rive rezoud pwoblèm nan. Asire w ke w dekri pwoblèm ak koreksyon ki nesèsè yo (paregzanp, prenon ki mal ekri) nan seksyon "Describe Your Situation" (Dekri Sitiyasyon W lan).

Nou ankouraje w kontakte administratè vaksen w lan oswa laboratwa ki fè tès la pou asire w ke yo te antre kòrèkteman nimewo telefòn ou oswa adrès imèl ou, paske w ap bezwen pou yo koresponn egzakteman enfòmasyon sa a pou w ka rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Tanpri sonje selon direktiv Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH), tout administratè vaksen nan Eta New York dwe soumèt done vaksinasyon yo bay bazdone sekirize pou vaksinasyon kont COVID-19 ak pou tès COVID-19 ki nan Eta New York ak/oswa nan Vil New York yo e yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou ni egzamine ak korije done ke yo rantre a, si yo idantifye pwoblèm lè yo rantre done yo.

Itilizasyon Excelsior Pass Plus

Kijan pou mwen montre Excelsior Pass mwen an bay òganizasyon k ap patisipe yo?

YOU ka prezante Excelsior Pass *Plus* ou a sou telefòn entèlijan w lan, apati aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la, oswa ou ka enprime Excelsior Pass *Plus* ou a apati [Pòtay Entènèt Excelsior Pass](#) la epi prezante vèsyon enprime a.

Òganizasyon ki aksepte Excelsior Pass *Plus* yo ka verifye Pass ou a gras ak aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a.

Si w se yon adilt ki gen laj 18 lane oswa plis, w ap gen pou prezante tou yon pyès Idantifikasyon valid ki gen foto ki gen non ak dat nesans ou ansanm ak chak Excelsior Pass *Plus* inik. Paran ak responsab legal yo ka rekipere ak sovgame Pass yo nan non pitit yo oswa nan non minè ki sou titèl legal yo.

Kiyès ki ka aksepte Excelsior Pass *Plus* mwen an?

Òganizasyon k ap patisipe nan Eta New ka aksepte Excelsior Pass *Plus* ou a nan chèche prèv vaksinasyon ak/oswa prèv rezilta negatif pou tès, ak/oswa antite ki andeyò Eta New York yo gendwa aksepte opsyon [SMART Health Cards](#) ke [VCI](#), devlope, ke yo deja ap itilize nan eta tankou California, Louisiana, Virginia, ak Hawaii.

Kisa ki [SMART Health Cards Framework](#), ke [VCI](#) devlope a?

Excelsior Pass *Plus* kreye grasa [SMART Health Cards Framework](#) ak espesifikasyon ke yo devlope an patenarya ak [VCI](#). [VCI](#) se yon kowalisyon volontè ki gen 800 òganizasyon piblik ak prive ki angaje l pou pèmèt moun gen aksè ak yon kopi fyab ak verifyab de dosye vaksinasyon yo a oswa de rezilta laboratwa yo a sou fòm nimerik oswa papye ki itilize dè nòm piblik, entè-eksplwatab.

Excelsior Pass *Plus* etann li nan angajman Eta New York pran pou ankouraje moun gen aksè ak yon kopi gratis, fyab, ki prezève konfidansyalite e ki verifyab de pwòp dosye vaksinasyon yo a oswa rezilta laboratwa ki sou papye oswa nan fòm nimerik. Excelsior Pass *Plus* ankouraje amonizasyon nòm ki nesèsè pou emisyon ak akseptasyon idantifyan sante verifyab nan tout mond lan - done klinik ki siyen ki lye ak idantite yon moun.

Èske mwen oblije itilize Excelsior Pass *Plus*?

Non, ou pa oblije patisipe. Excelsior Pass *Plus* ba w kontwòl sou enfòmasyon ki gen rapò ak sante w. Menm apre ou fin rekipere yon Excelsior Pass *Plus*, se ou ki deside si, kilè oswa kijan w ap itilize l ak montre l. Kote sa aplikab, yo dwe aksepte tou yon lòt prèv vaksinasyon ak/oswa rezilta negatif pou tès, tankou yon Kat Vaksinasyon CDC oswa rezilta tès sou papye.

Konbyen sa koute pou moun itilize Excelsior Pass *Plus*?

Excelsior Pass *Plus* gratis.

Èske mwen ka prezante plizyè kalite Pass sou menm aparèy la?

Wi. Ou ka rekipere, sovgade oswa montre otan Pass ou ka elijib pou yo a. Sa gen ladan:

- Excelsior Vaccination Pass
- Excelsior PCR Pass
- Excelsior Antigen Pass
- Excelsior Vaccination Pass *Plus*
- Excelsior PCR Pass *Plus*
- Excelsior Antigen Pass *Plus*

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Excelsior Pass, tanpri vizite [Kesyon Moun Poze Souvan \(FAQ yo\) sou Excelsior Pass](#).

Èske mwen ka montre Excelsior Pass *Plus* pou plizyè moun sou menm aparèy la?

Wi, ou ka anrejistre plizyè Pass Excelsior Pass *Plus* pou adilt ki gen laj 18 lane oswa plis ak timoun ki gen mwens ke 18 lane sou menm aparèy la.

Pandan konbyen tan m ap ka itilize Excelsior Pass *Plus* mwen an? Èske l ap ekspire?

Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a se yon kopi nimerik dosye vaksinasyon kont COVID-19 ou a. Kidonk, Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a pa gen dat ekspirasyon.

Excelsior PCR Pass *Plus* ou a valid jiska minwi nan twazyèm jou apre ou fin fè yon tès. Lè Excelsior PCR Pass *Plus* ou a ekspire, ou oblije fè yon lòt tès PCR negatif, pou rekipere yon nouvo Excelsior PCR Pass *Plus*.

Excelsior Antigen Pass *Plus* ou a valid pou 6 èdtan apati moman ou fè yon tès. Lè Excelsior Antigen Pass *Plus* ou a ekspire, ou oblije fè yon lòt tès Antigen negatif pou rekipere yon nouvo Excelsior Antigen Pass *Plus*.

Eske mwen ka fè yo ranbouse m si mwen te achte yon biyè pou yon evènman, men Excelsior Pass *Plus* mwen an pa valid?

Chak òganizasyon w ap vizite genyen pwòp politik ranbousman pa yo. Nou rekòmande w verifye dirèkteman avèk òganizasyon an pou konnen ki politik yo genyen sou ranbousman yo.

Aksesibilite

Kijan mwen ka rekipere yon Excelsior Pass *Plus* si mwen pa gen aksè ak yon telefòn entèlijan?

Ou pa oblije patisipe nan Excelsior Pass *Plus* e yo kreye l pou tout Nouyòkè san eksepsyon, menmsi yo pa gen aksè a yon telefòn entèlijan. Li byen fasil pou enprime Excelsior Pass *Plus* ou a nan [Pòtay Entènèt Excelsior Pass la](#).

Ou ka montre tou, dirèkteman bay yon òganizasyon, yon lòt fòm prèv vaksinasyon kont COVID-19 oswa rezilta negatif pou tès, tankou yon Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) oswa rezilta tès sou papyè.

Èske Pass *Plus* disponib nan plizyè lang?

Wi. Excelsior Pass *Plus* disponib nan plis pase 10 lang ki gen ladan Anglè, Panyòl, Chinwa (tradisyonèl ak senplifye), Ris, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Bengali, Arab, Italyen, Polonè ak Yidish.

Èske Excelsior Pass *Plus* disponib pou moun ki ka gen defisyans oditif oswa vizyèl?

Wi. Yo te fè tès aksesibilite sou aplikasyon an pou garanti ke li fasil pou moun ki ka gen defisyans oditif oswa vizyèl yo itilize l.

Règleman

Ki diferans ki genyen ant yon tè PCR ak yon tè antijèn?

Daprè Administrasyon Aliman ak Medikaman (FDA), tè PCR yo se tè molekilè ki detekte materyèl jenetik viris la epi tè antijèn yo detekte pwoteyin espesifik ki gen nan viris la. Ou ka li plis enfòmasyon sou fè tè yo nan [Coronavirus Disease 2019 Testing Basics \(Prensip Debaz sou Tès pou Maladi Kowonaviris 2019\)](#) FDA yo.

Ki kote mwen ka al fès tè COVID-19?

Tès COVID-19 disponib tout kote nan Eta New York la. Moun ki gen kesyon konsènan tè COVID-19 dwe rele Liy Dirèk COVID-19 Eta New York la nan 1-888-364-3065 oswa vizite [NYS Find A Test Site Near You \(Jwenn Yon Sit pou Fè Tès Toupre W nan NYS\)](#).

Si mwen te teste pozitif pou antikò COVID-19 yo, èske mwen ka rekipere yon Excelsior Pass *Plus*?

Nan moman sa la a, Excelsior Pass *Plus* disponib sèlman pou prezante enfòmasyon sou vaksinasyon kont COVID-19 oswa pou rezilta tè dyagnostik COVID-19 ki negatif annakò ak direktiv Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH).

Sekirite ak Vi Prive

Èske done mwen yo rete prive e sekirize?

Wi. Done w yo rete prive, yo sekirize e nou itilize yo sèlman pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Anplisde sa:

- Nou p ap itilize done pèsònèl ou yo pou objektif lavant oswa maketing ni nou p ap pataje yo ak yon tyès pati, sof pou nou valide vaksinasyon kont COVID-19 oswa rezilta negatif tès ou yo, sèlman.
- Excelsior Pass *Plus* ou a genyen siyati kriptografik pou pwouve verifikatè yo ke se yon idantifyan otantik ke Eta new York bay epi ke li pat fasifye oswa sibi modifikasyon.
- Ou dwe prezante tou ansanm ak Excelsior Pass *Plus* ou a yon pyès Idantifikasyon valid ki gen foto, ki gen sou li non ak dat nesans ou, pou asire ke w ap itilize yon Pass ki pou ou.

Se ou ki chwazi kilè, si, epi kijan w ap prezante Excelsior Pass *Plus* ou a. Prezantasyon Excelsior Pass *Plus* ou se tankou w ap pataje Kat Vaksinasyon CDC w la oswa rezilta tès ou yo sou papye.

Kisa otantifikasyon a de-faktè a ye, e kijan li kenbe enfòmasyon mwen ansekirite lè m ap rekipere yon Excelsior Pass *Plus*?

Anplis de antre non w ak siyati w, dat nesans, Kòd Postal ak nimewo telefòn ou, ou dwe reponn kòrèkteman yon seri "kesyon pou verifikasyon" inik ki gen rapò ak ou menm (paregzanp, '*Ki lè ou te resevwa dòz final nan seri vaksen w lan?*'). Yo itilize repons ou bay pou "kesyon pou verifikasyon" yo poze w yo pou verifye idantite w e yo p ap sovgade.

W ap gen pou antre tou yon kòd 6 chif ki jenere pa aza pou ka genyen Excelsior Pass *Plus* ou a. W ap resevwa kòd sa a an tout sekirite sou telefòn selilè w la sou fòm yon mesaj tèks; yon mesaj vokal sou yon nimewo telefòn fiks; oswa nan yon mesaj elektwonik nan yon adrès imèl ki asosye ak dosye vaksinasyon kont COVID-19 ou a. Faktè adisyonèl otantifikasyon sa a ede diminye pi plis posiblite pou yon lòt moun ki pa oumenm jwenn dosye vaksinasyon kont COVID-19 ou a oswa rezilta tès ou yo.

Èske enfòmasyon pèsònèl mwen yo ap anrejistre nan aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la?

Si w chwazi itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la pou sovgade Excelsior Pass *Plus* ou a, prenon w, siyati w ak dat nesans ou ap anrejistre sou Excelsior Pass *Plus*. Se ou ki chwazi kilè, si, epi kijan w ap prezante Excelsior Pass *Plus* ou a.

Pou yon Excelsior Vaccination Pass *Plus*, done ki koresponn ak enfòmasyon ke Kat Vaksinasyon CDC w la bay yo ap anrejistre tou. Sa gen ladan:

- Dat (yo) pou dòz vaksen an (yo)
- Tip vaksen an
- Sit vaksinasyon an
- Nimewo lo a

Pou yon Excelsior PCR Pass *Plus* oswa Excelsior Antigen Pass *Plus*, done ki koresponn ak enfòmasyon rezilta tè s ou bay yo ap anrejistre tou. Sa gen ladan:

- Dat ak lè tè s la fèt
- Tip tè s la
- Rezilta tè s la
- Sit kote yo fè tè s
- Kòd LOINC
- Deskriptè tè s

Repons ou bay pou "kesyon pou verifikasyon" yo poze w pou verifye idantite w pou rekipere Pass ou a p ap sovgade. Ou ka siprime yon Excelsior Pass *Plus* a nenpòt moman.

Ki enfòmasyon ki vizib sou Excelsior Pass *Plus* mwen an?

Antanke yon kopi nimerik dosye vaksinasyon w, Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a enkli menm enfòmasyon ki sou Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) ou a. Sa gen ladan:

- Dat (yo) pou dòz vaksen an (yo)
- Tip vaksen an
- Sit vaksinasyon an
- Nimewo lo a

Excelsior PCR Pass *Plus* oswa Excelsior Antigen Pass *Plus* ou a montre menm enfòmasyon ki nan rezilta tè s COVID-19 ou a. Sa gen ladan:

- Dat ak lè tè s la fèt
- Tip tè s la
- Rezilta tè s la
- Sit kote yo fè tè s
- Kòd LOINC
- Deskriptè tè s

Ou kapab mande òganizasyon k ap fè verifikasyon yo e ki pral eskane kòd QR ki sou Excelsior Pass *Plus* ou a kijan yo pral itilize done w yo oswa si y ap kenbe yo. Prezantasyon Excelsior Pass *Plus* ou se tankou w ap pataje Kat Vaksinasyon CDC w la oswa rezilta tès ou yo sou papye. Se sèl oumenm ki chwazi kilè, si, epi kijan w ap prezante Excelsior Pass *Plus* ou a.

Ki enfòmasyon yon òganizasyon ka wè lè yo eskane Excelsior Pass *Plus* mwen an gras ak aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a?

Lè yon verifikatè ki itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a eskane Excelsior Pass *Plus* ou a, sèl enfòmasyon pèsonèl ke y ap ka wè se prenon w, siyati w ak dat nesans ou.

Si aplikasyon Scanner a eskane yon lese pase ki valid, aplikasyon Scanner a afiche "Pass Valid. (Lese pase Valid)" Si aplikasyon Scanner a eskane yon lese pase ki pa reponn ak nòm emisyon Eta a, aplikasyon Scanner a ap afiche "Pass Not Valid. (Lese pase Pa Valid)".

Èske òganizasyon k ap itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner pou eskane Excelsior Pass *Plus* mwen an ap ka anrejistre oswa sovgade enfòmasyon mwen yo?

Non. Òganizasyon k ap itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner pou eskane Excelsior Pass *Plus* ou a p a ka anrejistre oswa sovgade enfòmasyon w. Se poutèt sa yon moun dwe prezante Pass yo a ankò a chak fwa yo antre nan yon òganizasyon, biznis oswa yon sal.

Li rekòmande pou pataje sèlman Excelsior Pass *Plus* ou a bay pati ou konnen ak fè konfyans. Avan ou prezante yon Excelsior Pass *Plus* nan yon òganizasyon, li rekòmande pou mande ak egzaminen politik verifikatè a genyen sou koleksyon, estokaj, ak pataj enfòmasyon pèsonèl pou konfime ke y ap itilize enfòmasyon yo jwenn lè yo eskane Excelsior Pass *Plus* ou a sèlman nan objektif pou valide enfòmasyon vaksinasyon kont COVID-19 oswa enfòmasyon tès COVID-19 yo nan moman sa epi ansui pou yo efase yo imedyatman.

Si w chwazi enprime ak itilize yon fotokopi papye Excelsior Pass *Plus* ou a, ou dwe sekirize e kontinye gen kontwòl fizik sou vèsyon enprime Excelsior Pass *Plus* ou a menm jan ou t ap fè ak Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card), rezilta tès yo oswa ak lòt dokiman ki genyen enfòmasyon pèsonèl sou sante w, ki konfidansyèl.

Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a montre menm enfòmasyon ki sou kat vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) ou a. Excelsior PCR Pass *Plus* ou a ak/oswa Excelsior Antigen Pass *Plus* ou a montre menm enfòmasyon ki nan rezilta tès COVID-19 ou a.

Èske Excelsior Pass *Plus* lokalize kote mwen ye?

Non. Excelsior Pass *Plus* pa lokalize kote w ye.

Èske y ap avèti Eta New York oswa nenpòt lòt moun si mwen eseye rekipere yon Excelsior Pass *Plus* apre mwen gen yon rezilta tè COVID-19 ki pozitif?

Non. Excelsior Pass *Plus* pa pataje done w yo ak pèsòn. Anplisdesa, ou pa ka rekipere yon Excelsior Pass *Plus* si ou resevwa yon rezilta tè ki pozitif.

Èske mwen ka itilize aplikasyon sa a pou mwen wè si yon lòt moun te pran tout dòz vaksen li yo oswa si li te teste negatif pou COVID-19?

Non. Excelsior Pass *Plus* destine pou izaj pèsònèl ou inikman.

Ki kote mwen ka li Politik sou Vi Prive Excelsior Pass *Plus* la?

Ou ka gade Politik sou Vi Prive Excelsior Pass *Plus* la lè w vizite [Paj Wèb sou Konfidansyalite Vi Prive Excelsior Pass la](#).

Sipò Teknik

Kisa rekòmasyon debaz pou mwen itilize aplikasyon Excelsior Pass yo ye?

Aplikasyon Excelsior Pass yo konpatib avèk telefòn entèlijan ki fonksyone sou iOS 13.0+ oswa Android 7.0+.

Si w prefere, ou ka enprime tou yon kopi Excelsior Pass *Plus* sou papye apati [sitwèb Excelsior Pass](#) la oswa nan aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la.

Kisa mwen dwe fè si yo pa ka konfime enfòmasyon sou vaksinasyon oswa sou tès mwen yo?

Pou yon Excelsior Vaccination Pass *Plus*: Tanpri tcheke pou wè si w te antre enfòmasyon w yo egzakteman jan l parèt sou Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) ou a, paske w ap bezwen asire w pou fè enfòmasyon an koresponn egzakteman pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Sa gen ladan:

- Prenon ak siyati
- Dat nesans
- Konte kote ou te resevwa vaksen w lan (pou Nouyòkè ki te pran vaksen andeyò Eta New York, New Jersey oswa Vermont, sa a se konte kote pwofesyonèl swen sante w ki nan New York la ki rantr enfòmasyon w yo lokalize a)
- Dat ou te resevwa dènye dòz nan seri vaksen w yo (yon dòz nan seri vaksen Janssen/Johnson & Johnson (J&J) oswa dezyèm dòz nan de (2) dòz nan seri vaksen Pfizer oswa Moderna)
- Tip vaksen ou te resevwa a.

Pou yon Excelsior PCR Pass *Plus* oswa yon Excelsior Antigen Pass *Plus*: Tanpri tcheke pou wè si w te antre enfòmasyon w yo egzakteman jan l parèt nan rezilta tès ou yo, paske w pral bezwen koresponn enfòmasyon sa a kòm sadwa pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Sa gen ladan: prenon w, siyati w, lokalizasyon kote w fè tès ou a, dat ou te fè tès la, ak tip tès ou te fè a.

Yo dwe fè yon otantifikasyon ak de (2) faktè pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a. Pou sa fèt, fòk gen yon adrès imèl oswa yon nimewo telefòn ki valid nan dosye yo.

Si atouts a ou pa kapab rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a, ou kapab:

- Kontakte administratè ki vaksinen w lan pou konfime ke yo te soumèt enfòmasyon ki kòrèk la pou ou. Tout administratè vaksen yo fèt pou genyen manm pèsònèl ki devwe e ki disponib pou rektifye pwoblèm sa yo. Yon fwa yon laboratwa ki fè tès soumèt enfòmasyon sou rezilta tès yo bay Eta a, yo pa ka modifiye l ankò.
- Si w te vaksinen nan yon sit Vil la jere nan Vil New York epi w bezwen fè yon chanjman nan yon dosye vaksinasyon, ou kapab rele nan 311 apati Vil la oswa nan 212-639-9675 si w pa nan Vil

New York oswa voye yon mesaj elektwonik nan cir@health.nyc.gov. Anplisdesa, si w se yon rezidan Vil New York e ou pran tout dòz vaksen w yo men ou pèdi Kat Vaksinasyon CDC w la, ou ka rele 311 pou w mande yon kopi dosye vaksinasyon kont COVID-19 ou a.

- Soumèt yon [fòmilè demann pou revizyon dosye](#). Tanpri note byen ke fòmilè sa a se pou [dosye vaksinasyon sèlman](#), li pa pou dosye rezilta tès.
- Rele Biwo Asistans Excelsior Pass la nan (844) 699-7277 pou ransèyman jeneral/pou resevwa sipò pou soumèt yon demann revizyon dosye pou ede rezoud pwoblèm nan.

Antretan, ou ka toujou montre, dirèkteman bay yon òganizasyon, yon lòt fòm prèv vaksinasyon kont COVID-19 oswa rezilta negatif pou tès, tankou yon kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) oswa rezilta tès sou papye.

Kijan pou mwen retire yon Excelsior Pass *Plus* nan aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la?

Tanpri, konsilte kijan pou retire yon Excelsior Pass *Plus* nan gid enstriksyon etap-pa-etap sa yo:

- [NYS Excelsior Pass Wallet pou iOS](#)
- [NYS Excelsior Pass Wallet pou Android](#)

Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon sou Excelsior Pass *Plus*?

Pou kesyon jeneral oswa pou demann teknik sou Excelsior Pass *Plus*, sa enkli kijan pou navige sou sitwèb la oswa kijan pou rekipere Excelsior Pass *Plus* ou a, ou ka ranpli [fòm sipò](#) a oswa chèche èd nan Biwo Asistans Excelsior (Excelsior Help Desk) nan 844-699-7277 soti 8 a.m. rive 8 p.m. Lè Zòn Lès, chak jou.

Kijan mwen ka soumèt kòmantè mwen genyen sou Excelsior Pass *Plus*?

Si w gen kòmantè sou Excelsior Pass *Plus*, tanpri pataje li nan [fòm sipò](#) nou an.

Si w rankontre difikilte, tanpri konsilte youn nan gid enstriksyon itil, etap-pa-etap nou yo:

- [Sitwèb Excelsior Pass](#) | [español](#)
- [NYS Excelsior Pass Wallet pou iOS](#) | [español](#)
- [NYS Excelsior Pass Wallet pou Android](#) | [español](#)

Pou Pwofesyonèl Swen Sante yo

Antanke yon pwofesyonèl swen sante, ki done sou vaksinasyon kont COVID-19 mwen gen responsablite pou m bay?

Se responsablite w pou w rapòte done sou vaksinasyon kont COVID-19 ki konplè epi ki egzat bay sistèm done ki apwopriye a (Rejis sou Vaksinasyon nan Tout Vil la [Citywide Immunization Registry, CIR] pou pwofesyonèl swen sante Vil New York yo ak Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon nan Eta New York [New York State Immunization Information System, NYSIIS] pou tout lòt pwofesyonèl swen sante yo) nan lespas 24 èdtan apre administrasyon vaksen an. Tout espas ki obligatwa e ki nesesè yo dwe ranpli nan lè yo antre done yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou direktiv sou kijan pou rapòte done yo, tanpri, vizite [NYSIIS and CIR Requirements for Providers \(Egzijans NYSIIS ak CIR pou Pwofesyonèl Swen Sante\)](#).

Antanke yon moun ki administre vaksen kont COVID-19, kisa pou m fè lè kliyan/pasyan yo di m yo gen difikilte pou yo rekipere yon Excelsior Pass *Plus*?

Pwofesyonèl swen sante ki te administre vaksen an gen responsablite pou li antre tout done sou vaksen yo kòrèkteman nan NYSIIS (oswa CIR si pwofesyonèl swen sante a sitiye nan Vil New York). Si youn nan kliyan/pasyan w yo gen difikilte pou l rekipere yon Excelsior Pass *Plus*, premye mezi w ta dwe pran se verifye enfòmasyon yo nan NYSIIS/CIR (pa sèlman gade nan sistèm/dosye medikal elektwonik ou a). Pou jwenn plis enfòmasyon sou kisa pou chache ak kijan pou rektifye erè done yo, tanpri, ale sou [Excelsior Pass Fact Sheet for Vaccine Providers \(Fich Enfòmasyon Excelsior Pass pou Pwofesyonèl Swen Sante k ap bay Vaksen\)](#).

Si mwen se yon pwofesyonèl swen sante nan Eta New York, èske mwen ka soumèt enfòmasyon vaksinasyon kont COVID-19 pou pasyan ki se rezidan Eta New York, men ki te pran vaksen yo a andeyò Eta a?

Si w gen pasyan ki te vaksinen andeyò Eta New York ki ka montre prèv vaksinasyon yo, ou dwe antre dosye vaksinasyon pasyan sa yo nan bazdone vaksinasyon sekirize Eta New York ak/oswa Vil New York yo. W ap soumèt enfòmasyon sa yo kòm dòz istorik pou endike ou pat administre pasyan an dòz la. Si w se yon pwofesyonèl swen sante nan Eta New York, tanpri vizite [NYSIIS and CIR Requirements for Providers \(Egzijans NYSIIS ak CIR pou Pwofesyonèl Swen Sante yo\)](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou antre done vaksinasyon kont COVID-19.